

Twazyèm Dòz Vaksen kont COVID-19 yo fas ak Rapèl yo

	Twazyèm Dòz	Piki Rapèl
Kisa sa li ye?	Yon dòz vaksen anplis pou moun ki pa genyen yon repons solid ki sifizan pou premye de (2) dòz vaksen kont COVID-19 yo	Yon dòz anplis nan yon vaksen pou moun ki te bati pwoteksyon nan vaksinasyon kont COVID-19 la, men ke pwoteksyon yo a gendwa diminye pandan jou yo ap pase
Ki moun ki elijib?	Moun ki gen laj omwen 12 ane ki te resevwa vaksen Pfizer oswa vaksen Moderna a epi ki iminodeprime yon fason modere rive grav	Moun ki gen laj 18 ane ak plis ki te resevwa vaksen Pfizer a epi ki anba risk anplis pou nenpòt nan sa ki annapre yo: <ul style="list-style-type: none"> Maladi COVID-19 grav akòz laj yo (65 ane oswa plis) oswa ki anba pwoblèm medikal Ekspozisyon ak COVID-19 akòz kote yo ap viv oswa ap travay
Poukisa pou mwen pran li?	Etid yo montre kèk moun ki iminodeprime pa reponn trè byen ak vaksen yo konpare ak moun ki pa iminodeprime yo. Yon twazyèm dòz gendwa amelyore repons iminitè a	Kèk etid montre ke, pandan vaksen an travay trè byen kont maladi grav, pwoteksyon kont enfeksyon gendwa kòmanse diminye apre anviwon sis mwa. Yon piki rapèl gendwa bay pwoteksyon anplis.
Ki vaksen?	<ul style="list-style-type: none"> Pfizer si premye de (2) dòz ou yo te Pfizer Moderna si premye de (2) dòz ou yo te Moderna 	Pfizer si premye de (2) dòz ou yo te Pfizer
Kilè mwen ap elijib?	Omwen 28 jou apre dezyèm dòz ou a	Omwen 6 mwa apre dezyèm dòz ou a
Ki dokimantasyon mwen bezwen?	<ul style="list-style-type: none"> Prèv pou laj Ateste ou genyen yon pwoblèm medikal ki rann ou kalifye 	<ul style="list-style-type: none"> Prèv pou laj Si ou anba laj 65 ane, ateste ou genyen yon pwoblèm medikal ki rann ou kalifye oswa ki anba plis risk pou ekspozisyon
Èske genyen efè segondè?	Menm jan avèk de (2) premye dòz yo, ou gendwa eksperimente efè segondè yo, tankou doulè nan bra, maltèt, doulè nan kò, fatig ak lafyèv.	Menm jan avèk de (2) premye dòz yo, ou gendwa eksperimente efè segondè yo, tankou doulè nan bra, maltèt, doulè nan kò, fatig ak lafyèv.
Èske mwen ka genyen li menm moman ak lòt vaksen yo?	Wi, ou ka pran yon vaksen kont COVID-19 nan menm moman ak lòt vaksen yo, oswa nan nenpòt moman oswa apre.	Wi, ou ka pran yon vaksen kont COVID-19 nan menm moman ak lòt vaksen yo, oswa nan nenpòt moman oswa apre.
Èske li gratis?	Wi	Wi
Ki kote mwen kapab aprann plis?	Ale sou nyc.gov/covidvaccine epi chèche " Third Dose for People Who are Immunocompromised " (Twazyèm Dòz pou Moun Ki Iminodeprime). Pale avèk pwofesyonèl swen sante ou si ou genyen kesyon.	Ale sou nyc.gov/covidvaccine epi chèche " Recommendation for Pfizer COVID-19 Booster Shots " (Rekòmandasyon pou Vaksen Rapèl COVID-19 Pfizer). Pale avèk pwofesyonèl swen sante ou si ou genyen kesyon.

Pou ou jwenn yon sit vaksinasyon, ale sou nyc.gov/vaccinefinder oswa rele 877-829-4692.